

# BAB 1

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Kaparigelan basa ngawengku opat aspék, nya éta ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis. Eta opat aspék kaparigelan basa téh teu bisa dipisahkeun tina pangajaran. Tujuan pangajaran basa sunda di SMP sangkan siswa bisa nyangking pangalaman jeung pangaweruh basa jeung sastra Sunda sarta bisa maham oge nyangkem kana opat kaparigelan basa.

Ngaregepkeun mangrupa kagiatan anu dihaja. Ngaregepkeun ngandung harti ngabandingan enya-nya. Sarua hartina jeung *menyimak* (Ind.) atawa *listening* (Ing.)

Ngaregepkeun oge di sebut kaparigelan reseptif aktif, sabab dina ngaregepkeun, lian tina narima, oge aya proses aktif nyaéta dina ngidentifikasi sora, nyangkem, jeung nafsirkeun informasi anu katarima. Ku kituna, bisa dicindekkeun yén ngaregepkeun téh mangrupa hiji proses teleb-teleb tur daria, ti mimiti misah-misah, ngidentifikasi, ngaranjing-ranjing, ngabanding-banding, nafsiran, nyarungsung, nepika ngaintropeksina.

Ngaregepkeun dongéng diajarkeun di SMP, ieu hal luyu jeung katangtuan Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat (2013, kc. 25-27) ngeunaan Kompetensi Inti jeung Kompetensi Dasar Pangajaran Basa jeung Sastra Sunda (KIKD). Dina KIKD 2013 (2013, kc .25-27), KD nu aya patalina jeung matéri dongéng nyéta:

7.1.1 *menghargai dan mensyukuri keberadaan Bahasa Sunda sebagai anugrah Tuhan yang Maha Esa sebagai sarana komunikasi melalui paguneman, wawaran, dan atau iklan layanan masyarakat, pengalaman pribadi, aksara sunda, kaulinan barudak, **dongeng**, sajak, dan pupujian (KD-1)*

7.2.3 *Menunjukkan perilaku jujur tanggung jawab, dan santun, dalam menggunakan Bahasa Sunda untuk mengapresiasi dan mengekspresikan **dongéng**, sajak, dan pupujian (KD-2)*

7.3.5 *mengidentifikasi, memahami, dan menganalisis **dongeng** sesuai dengan kaidah- kaidahnya (KD-3)*

7.4.5 *menafsirkan, menanggapi, dan menyajikan isi serta nilai-nilai yang terkandung dalam **dongeng** sesuai dengan kaidah-kaidahnya secara lisan dan tulisan (KD-4)*

Masalah pangajaran ngaregepkeun dongéng anu kapanggih di lapangan, nyaéta siswa kurang museurkeun panitén, kurang daria, tur kurang saregep. Lian ti éta guru kurang ngamangpaatkeun média pangajaran dina ngaregepkeun dongéng, sahingga matéri ditepikeun ku cara anu monoton, ngan saukur médar materi nu aya dina buku, sarta méré conto dongéng nu sayaana dina buku pangajaran. Éta hal tangtu bakal ngabosenkeun siswa.

Leuwih hadé guru leuwih variatif dina nepikeun pangajaran, upamana ngagunakeun média pangajaran saluyu jeung matéri anu baris ditepikeun. Salah sahiji média pangajaran anu luyu pikeun ngaregepkeun dongéng nya éta media bonéka. Ieu média bonéka téh bakal leuwih museurkeun panitén siswa kana dongéng anu diregepkeun, tur luyu pisan dilarapkeun pikeun siswa SMP, lantaran nu leuwih ngirut tibatan média nu séjén, sahingga siswa bisa ngahontal tujuan pangajaran anu ditangtukeun ku kurikulum.

Ngaregepkeun mangrupa salah sahiji kagiatan anu kaasup kana kompetensi inti jeung kompetensi dasar. Dina harti sapopoé, kagiatan ngaregepkeun kadang sok disaruakeun jeung kagiatan ngadéngékeun Saupama disurahan mah tétéla aya bedana antara ngadengé jeung ngaregepkeun. Hartina lamun ngadengé mah tacan tangtu ngaregepkeun, sedengkeun ari ngaregepkeun mah tangtu baé ngadéngé éta.

Ehninger [et all] dina Tarigan (2008, kc. 132) nétélakeun yén *menyimak (listening) adalah suatu operasi psikologis yang rumit yang merupakan sarana untuk merasakan butir-butir atau bagian-bagian lambang dan tanda yang telah disandikan oleh system saraf pusat dan system saraf otomatis yang diubah menjadi pesan-pesan yang telah di pahami*”.

Ngaregepkeun tangtu béda jeung ngadéngé sabab ngaregepkeun mah mangrupa prosés atawa aktivitas kamahéran basa anu kompleks. Disebut kompleks téh ku sabab teu kalis ku ngadéngé sorana, tapi ogé meredih konsentrasi anu daria jeung soson-soson. Lamun teu konsentrasi tangtu urang moal bisa maham eusi wacana regepan kalawan hadé nalika lumangsungna prosés ngaregepkeun, kagiatan méntal urang (paregep) téh bakal aktif milih atawa ngajén informasi anu pinilih. Ku kituna, para ahli sapuk yén kagiatan ngaregepkeun téh kaasup kagiatan anu réseptif aktif.

Ngaregepkeun téh dianggap hésé ku siswa lantaran dipangaruhan ku sababaraha faktor. Antarana nalika materi ditepikeun, kuduna siswa geus siap sarta saregép dina narima matéri nu ditepikeun, tapi kanyataannana teu saeutik siswa nu haré-haré nalika matéri ditepikeun. Faktor séjéna nu bisa mangaruhan nyaéta kaayan kelas anu teu kondusif. Siswa sok ribut sarta ngarobrol, ditambah ku kurang ngarti kana kandaga basa sunda. Lian ti éta, aya ogé bangbaluh séjén nalika pangajaran lumangsung, dina nyanghareupan palajaran basa Sunda kaitung saeutik siswa anu résep tur sumanget kana palajaran basa Sunda komo deui dina pangajaran ngaregepkeun. Ku kituna, guru salaku fasilitator kudu bisa variatif nalika ngajar, ulah ngan ngagunakeun cara ngajar nu geus biasa ogé monoton nalika ngajar. Ieu média pangajaran téh miboga daya tarik pikeun siswa ngaregepkeun dongéng. Ku kituna siswa bakal leuwih daria nalika pangajaran ngaregepkeun dongéng.

Panalungtikan nu médar ngeunaan média bonéka dina pangajarn dongéng tacan aya, tapi loba panalungtik nu medar ngeunaan ngaronjatkeun kamampuh ngaregepkeun dongéng maké média nu sejéna contona, *“Kamampuh Siswa Ngaregepkeun Dongéng Ngagunakeun Media Audio di kelas VII SMPN 12 Bandung ku Ivan Sufaran Permadi”*. Sasaruuan pamateri nu pernah dipédar nya éta ngeunaan ngaregepkeun dongéng, tapi anu ngabédakeunana nya éta dina ieu panalungtikan mah nalungtik média bonéka pikeun pangajaran ngaregepkeun dongéng, sarta henteu ngukur kaefektifitasana sarta sumber data anu ditalungtik na béda, nu jadi sumber data nya éta siswa kelas VII-A SMP Humanika 2 Bogor.

Salah sahiji média pangajaran nu ku panalungtik dipaluruh nyéta média bonéka. Panalungtik kairut pisan ku média bonéka téh sabab ieu model kawilang hadé pikeun dilarapkeun dina pangajaran. Salian ti bisa di larapkeun dina ngaregepkeun, média bonéka ogé bisa ngirut panitén siswa nalika diajar ngaregepkeun sabab dianggap *menarik*.

Dumasar kana pedaran di luhur, ieu panalungtikan nu judulan *“Média Bonéka dina Pangajaran Ngaregepkeun Dongéng "(Studi Kuasi Ékspérimén Kelas ka Siswa Kelas VII A SMP HUMANIKA 2 Bogor Taun Ajaran 2015/2016 )" Perlu dilakukeun*

## 1.2 Rumusan Masalah

Masalah siswa dina nyangkem matéri diajar téh salah sahijina tina cara ngajar guru anu kurang bisa ngirut panitén siswa nalika diajar. Ku kituna siswa jadi teu maham kana naon anu di tepikeun ku guru.

Media pangajaran dianggap bisa jadi cara pikeun ngirut perhatenan siswa nalika diajar. Sangkan teu lega teuing ambahanana, masalah dina ieu panalungtikan baris di watesanan nyaéta ngeunaan media bonéka dina pangajaran ngaregepkeun unsur-unsur intrinsik dongéng saperti: téma atawa jéjér, alur atawa plot, lattar atawa setting (waktu, tempat, kaayan) jeung panokohan.

Panalungtikan ieu téh médar informasi ngeunaan unsur-unsur intrinsik dongéng jeung konsep ngeunaan media bonéka dina ngaregepkeun dongéng. Média bonéka dina pangajaran ngaregepkeun dongéng téh dilaksanakeun ku cara meredih siswa sangkan aktif di kelas, dina prak-prakanana media bonéka dina pangajaran ngaregepkeun dongéng téh siswa ngaregepkeun dongéng nu di dongéngkeun ku guru make media bonéka. Sabada ngaregepkeun dongéng, siswa ngaevaluasi naon nu tadi di dongéngkeun ku guru ngaliwatan butir-butir soal, di ahir pangajaran guru ngaevaluasi hasil diajar siswa ngeunaan unsur-unsur intrinsik oge ekstrinsik nu aya dina dongéng nu diregepkeunana.

Dumasar kana watesan masalah di luhur, anu jadi masalah dina ieu panalungtikan di rumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap:

- a. Kumaha kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa kelas VII-A SMP Humanika 2 Bogor Taun Ajaran 2015/2016 saméméh digunakeun média bonéka?
- b. Kumaha kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa kelas VII-A SMP Humanika 2 Bogor Taun Ajaran 2015/2016 sabada digunakeun média bonéka?
- c. Naha aya béda anu signifikan antara kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa kelas VII-A SMP Humanika 2 Bogor Taun Ajaran 2015/2016 saméméh jeung sabada digunakeun média bonéka?

### **1.3 Tujuan Panalungtikan**

Dumasar kana rumusan masalah di luhur tujuan dina ieu panalungtikan ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus.

#### **1.3.1 Tujuan umum**

Sacara umum ieu panalungtikan miboga tujuan nya éta ngarojong siswa sangkan leuwih éféktif dina ngaregpkeun dongéng ku cara dilarapkeun média bonéka dina ningkatkeun kamampuh ngaregepkeun siswa kelas VII-A SMP HUMANIKA 2 Bogor Taun ajaran 2015/2016.

#### **1.3.2 Tujuan Husus**

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadréskripsikeun:

- a. kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa kelas VII-A SMP Humanika 2 Bogor Taun Ajaran 2015/2016 saméméh digunakeun média bonéka?
- b. kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa kelas VII-A SMP Humanika 2 Bogor Taun Ajaran 2015/2016 sabada digunakeun média bonéka?
- c. bédana anu signifikan atawa henteu antara kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa kelas VII-A SMP Humanika 2 Bogor Taun Ajaran 2015/2016 saméméh jeung sabada digunakeun média bonéka?

### **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

Ieu panalungtikan miboga mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis anu kaunggel di handap.

#### **1.4.1 Mangpaat Tioritis**

Mangpaat tioritis dina ieu panalungtikan nya éta sangkan miboga mangpaat piekeun nambahan élmu pangaweruh sistem pendidikan dina hal nyiptakeun média

pangajaran basa sunda. ngeunaan média pangajaran anu hade dina pangajaran ngaregepkeun.

#### **1.4.2 Mangpaat Praktis**

Sacara praktis dina ieu panaungtikan miboga mangpaat pikeun:

a. Pikeun Guru

Mangpaat nu bisa dugunakeun pikeun guru nyaéta guru bisa mangpaatkeun média bonéka dina pangajaran ngaregepkeun dongéng. sabab média bonéka dianggap bisa ngirut panitén siswa nalika diajar pangajaran ngaregepkeun.

b. Pikeun Siswa

Siswa bisa leuwih soso-soso dina proses diajar, sarta bisa nambahan ému pangaweruh jeung kaparigelan dina pangajaran ngaregepkeun.

c. Pikeun nu nalungtik

Nu nalungtik bisa ngamekarkeun kamampuh dina pangajaran ngaregepkeun, sangkan siswa miboga kamampuh dina ngaregepkeun ngaliwatan média bonéka.

#### **1.5 Raraga Tulisan**

Ieu di handap diébréhkeun ngeunaan raraga tulisan dina ieu panalungtikan.

Bab I bubuka, anu eusina ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung sistematika tulisan.

Bab II ulikan pustaka, eusina ngawengku média bonéka, pangajaran ngaregepkeun jeung dongéng. Tuluy dina bab II ogé dipedar panalungtikan saméméhna, jeung kalungguhan tioritis panalungtik, jeung hipotésis

Bab III dipedar ngeunaan métode panalungtikan, eusina ngeunaan desain panalungtikan, sumber data panalungtikan, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, instrument panalungtikan, jeung wangenan operasional.

Bab IV hasil jeung pedaran, anu eusina ngawengku hasil panalungtikan, sarta pedaran ngeunaan analisis data hasil panalungtikan.

Bab V bab pamungkas dina ieu panalungtikan. Eusina diwangun ku kacindekan jeung rékoméndasi. Kacindekan mangrupa intisari tina sakabéh pedaran. sangkan ieu panalungtikan bisa méré mangpaat pikeun ka hareupna, dina ieu bab ditambahan sub bab rékoméndasi anu ditepikeun ku nu nulis ka nu maca.